



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE OGMANTASYON SIPÒ AK RESOUS POU NOUYÒKÈ KI GEN ANDIKAP YO

Etabli klinik rejonal pou moun ki gen andikap pou ogmante aksè ak swen prensipal ak swen espesyalize

Modènize rechèch nan andikap devlopmantral ak onore enpòtans Willowbrook

Sipòte biznis k ap anboche Nouyòkè ki andikape yo gras ak kredi enpo elaji Eta a

Amelyore disponibilite sèvis Medicaid pou itilizatè chèn woulant yo

Kreye yon pwojè pilòt pou bous entèpretasyon Lang siy Ameriken

Facilite terapi inovan pou lezyon nan mwal epinyè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo inisyativ ki konsantre sou amelyore sipò pou Nouyòkè ki andikape yo nan kad Diskou Eta Leta 2025 li a. Pwopozisyon Gouvènè a pral ogmante sipò pou Nouyòkè ki gen andikap yo nan sistèm swen sante a, nan espas travay la ak atravè opòtinite rechèch avanse elaji.

"Chak Nouyòkè merite gen chans pou yo viv avèk diyite, endepandans, ak opòtinite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ansanm nou pral kraze baryè yo — kit se atravè pi bon swen sante, plis opòtinite travay oswa amelyorasyon mobilite. Etap sa yo gen pou wè ak bay moun ki gen andikap sipò yo bezwen pou yo pwospere, paske lè nou leve tout moun, nou rann Nouyòk pi fò pou tout moun."

Kreye klinik rejonal pou moun ki andikape yo

Moun ki gen andikap yo gen menm bezwen swen sante debaz ak moun ki pa gen andikap yo, men souvan fè eksperyans pi ba to depistaj prevantif ak pi gwo pousantaj maladi. Pou diminye baryè ki genyen nan swen sante, Gouvènè Hochul pral deziyen epi bay finansman pou klinik rejonal pou moun ki gen andikap ki pral espesyalize nan bay swen prensipal ak espesyalize pou moun ki gen andikap devlopmantral yo.

Modènize rechèch pou andikap epi kreye yon sant pou aprann nan ansyen lekòl Eta Willowbrook la

Gouvènè Hochul te anonse yon investisman 75 milyon dola pou modènize Enstiti pou Rechèch Debaz (Institute for Basic Research, IBR) nan Staten Island, yon pati nan Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) Eta Nouyòk la. Finansman an pral etabli yon Platòm Jenomik pou idantifye kòz jenetik andikap devlopmanal yo, amelyore dyagnostik, tretman, ak konpreyansyon pwoblèm sante ki gen rapò ak li. Anplis de sa, renovasyon IBR la pral gen ladan transfòmasyon ansyen pwopriyete Lekòl Eta Willowbrook an yon Sant pou Aprantisaj pou rekonèt siyifikasyon istorik ansyen rezidan Willowbrook yo ak defansè fanmi pa yo te genyen nan deklannche mouvman dwa moun ki gen andikap nan Eta Nouyòk ak enfliyanse devlopman sistèm livrezon sèvis bay moun ki gen andikap nan tout peyi a.

Elaji kredi enpo Eta Nouyòk la pou biznis ki anboche moun ki gen andikap yo

Kredi Enpo Travay pou Travayè ki Andikape yo sipòte biznis yo nan anplwaye moun ki andikape yo epi fè aranjman rezonab pou travayè ki andikape yo. Gouvènè Hochul te anonse plan pou ogmante kredi taks maksimòm de 2,100 dola a 5,000 dola epi senplifye pwosesis aplikasyon an pou ogmante kantite biznis k ap byen akeyi anplwaye andikape yo.

Sipòte mobilite pou moun ki gen andikap fizik yo

Chèz woulant yo se eleman fondamantal pou dwa sivil, otonomi, diyite, ak endepandans pou moun ki andikape yo, sa ki pèmèt moun ki andikape yo patisipe nan aktivite ki nesèsè yo ak nan lavi chak jou. Menm jan chèz woulant yo enpòtan anpil, anpil moun ki enskri nan Medicaid fè fas ak baryè ki pa nesèsè epi ki ka evite paske yo genyen epi kenbe chèz woulant k ap fonksyone. Pou adrese defi sa yo epi ede akonpli angajman kontinyèl Eta a anvè moun ki gen andikap fizik yo, Gouvènè Hochul pral ogmante aksè ak chèz woulant pou manm Medicaid yo lè li ogmante to pou evalyasyon espesyalite klinik pou nouvo chèz woulant. Sa a pral elaji kouvèti asirans pou reparasyon chèzwoulan elektrik yo te posede deja, anplis elaji kouvèti antretyen woutin ak prevantif pou chèz woulant. Sa a pral ede anpeche pann ki koute chè, minimize tan arè pou itilizatè yo, ak pwolonje dire lavi ekipman an. Chanjman sa yo pral sipòte mobilite, sante, ak endepandans moun ki gen andikap fizik, retire baryè yo ka evite pou ekipman medikal nesèsè yo, epi solidifye angajman Gouvènè Hochul pou kreye yon anvivonman ki pi enklizif pou tout Nouyòkè yo.

Kreye yon pilòt pwojè pilòt pou bous entèpretasyon ASL

Gouvènè Hochul konnen fòs ak valè kominote soud, soud avèg, ak moun ki tande di nan Nouyòk yo. Li rekonèt difikilte nan tout eta a pou jwenn ase entèprèt Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL) pou adrese bezwen kominikasyon pou moun ki bezwen yon entèprèt ASL. Nouyòk, an jeneral, ap lite ak yon gwo mank entèprèt ASL nan mitan yon mank nan tout peyi a k ap kontinye pandan dè deseni. Avèk konsèy Biwo pou moun Soud, Soud Avèg, Moun Tande Di (Deaf, DeafBlind, Hard of Hearing, DDBHH) Eta Nouyòk te lanse nan kòmansman ane 2024 la, Gouvènè Hochul pral konstwi yon pwogram pilòt bous entèprèt ASL lokalize pou ogmante kantite entèprèt ASL Nouyòk ki gen siksè ak konpetans. Pwogram pilòt sa a pral asosye konseye entèprèt ASL ki gen eksperyans ak nouvo konpayon entèprèt ASL pou gide avèk siksè

nouvo entèprèt ASL yo atravè devlopman konpetans pwofesyonèl, etabli rasin nan kominote Nouyòk yo, ak soutni entegrasyon kominotè Nouyòkè ki Soud, Soud Avèg, ak Moun ki Tande Di konte sou entèprèt ASL

Facilite terapi inovan pou lezyon nan mwal epinyè

Chak ane, prèske 1,300 Nouyòkè souffri lezyon twomatik nan mwal epinyè. Gouvènè Hochul pral entwodui lejislasyon pou elaji sijè ki abòde Konsèy Rechèch sou Lezyon nan Mwal Epinyè a. Chanjman sa a pral ajoute pwoblèm kalite lavi nan sijè Konsèy la ap abòde, kidonk pèmèt Komisyon Konsèy la finanse rechèch adisyonèl pou amelyore byennèt fizik, mantal ak sosyal plizyè milye Nouyòkè ki gen lezyon nan mwal epinyè.

Komisè Enterimè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmanal la, Willow Baer, te deklare,

"Pou yon lòt ane, anons Diskou Gouvènè Hochul sou Eta Leta a gen ladan l investisman ki pral sipòte moun ki gen andikap devlopmanal yo atravè eta a. Ekspansyon Enstiti pou Rechèch Debaz OPWDD a pral etabli yon Platòm Jenomik pou pèmèt idantifikasyon pèsonalize kondisyon jenetik ki cache andikap moun yo epi pèmèt modènizasyon etablisman an. Anplis de sa, yo pral reyabilite epi transfòme ansyen pwopriyete lekòl Eta Willowbrook la an yon Sant pou Aprantisaj pou rekonèt siyifikasyon istorik ansyen rezidan Willowbrook yo ak defansè fanmi yo te genyen nan deklannche mouvman dwa andikap Eta Nouyòk yo ak enfliyanse sistèm livrezon andikap devlopmanal nan tout peyi a. Agrandisman kredi taks pou travay pou biznis ki anboche moun andikape yo pwopoze a an akò ak tout sa eta a te deja antreprann pou fè NY vin yon Eta ki mete Anplwa an Premye ak amelyorasyon aksè a swen dantè ak kreyasyon klinik sante rejyonal pou moun ki gen andikap devlopmanal yo ki pral ede fèmen diferans ekite sante pou popilasyon sa a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou investisman sa yo ak paske li fè pwoblèm enpòtan pou Nouyòkè andikape yo vin yon priyorite."

Ofisye an Chèf pou Moun ki Andikape, Kimberly Hill Ridley, te deklare, "Atravè anpil inisyativ sa yo ki vize pou amelyore plizyè aspè nan lavi pou Nouyòkè andikape yo, Gouvènè Hochul te montre yon lòt fwa ankò angajman li pou priyore bezwen moun ki andikape yo rankontre chak jou. Mwen onore pou m kapab ede pouswiv inisyativ sa yo epi mwen pa ka tann pou m travay pandan 2025 lan pou vivifye apwòch sa yo. Mwen kwè fòtman ke priyore, pami lòt bagay, travay, ekite sante, kominote Soud, Soud Avèg ak Moun ki Tande Di yo, ak yon varyete pwojè rechèch konsènan andikap ki pral pwodiktif yon fason eksepsyonèl ane sa a pou kominote ki gen andikap nan Nouyòk la."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)